Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 3 (7247) 18 январь Хамиз 2017 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ

## Районалда - правительствалъулаб делегация



Араб анкьалда районалде щвана 20 январалда рагьизе бугеб «АхIулгохI» мемориалияб комплексалъул бугеб х1адурлъиялъухъ

балагьизе мурадалда правительствалъулаб делегация. Гьелда гьорлъ рукIана Дагъистаналъул премьер-министрасул зам. Анатолий Карибов, Рамазан Жафаров, культураялъул министр Зарема Буттаева, национальносталда хурхун министр Татьяна Гамалей, МахIачхъала шагьаралъул бетIерав архитектор МухIамадрасул ГьитIинов ва цогидалги. ТIадегIанал гьалбадерида цадахъ вукIана Унсоколо районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадовги.

Делегациялъул хIалтIул аслияб мурад букIана 20 январалда рагьизе бугеб «АхIулгохI» мемориалияб комплекс хIадурго бугищали хал гьаби. РакIалде щвезабизин «АхIулгохI» мемориалияб комплекс бана РДялъул БетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул хIаракаталдалъун.

Делегациялъул членал щвана комплексалда гьоркьобе унеб музеялде, рахана хал кколеб башнялде, ралагьана АхIулгохIалъухъ, щвана комплексалда гьоркьехун бугеб мажгиталде. Рихьизаруна гIиси-бикьинал гIунгутIаби, гьел лъугIизаризе тIад кьана иш т1аде кколезда.

Районалъул бетIерас ахиралда правительствалъул нухмалъиялъе баркала загьир гьабуна районалде кьолеб бугеб кIваралъухъ. Къокъаб заманалда комплекс баялъе районалда гьабураб кIудияб хIалтIудаса разиго хутIана правительствалъул вакилзаби

**Пресс - центр**

---

## АхIулгохI - нилъер бухIи ва чIухIи

(20 январалда АхIулгохIда рагьула тарихиябгун мемориалияб комплекс)



**Исана риидал I78 сон тIубала Кавказалъул рагъазул бищунго кIудияб, гIассияв тушманасе бищунго цIикIкIараб ками ккараб АхIулгохIда рагъ ккаралдаса. «АсхIабзаби гъурараб Бадру УхIудалдацин, АхIулгохIда гIадинаб хIалуцараб рагъ ккечIо»,-ян хъван буго цо халкъияб бищеназулъ. Гьединаб кIудияб, гIемерав чи гьорлъ гIахьаллъараб рагъ байбихьана I839 соналъул июнь моцIалъул авалалда АхIулгохIда.**

Щиб хIадурлъиха букIараб мюридзабазул гьеб рагъда цебе. ГьабсагIаталда ГIашилтIа росулъ кIиго бакIалда буго жинда жаниб тункIил хер хIадур гьабулеб букIараб кIиго хъахIаб гамачI. Рагъ байбихьилалда цебе гьединал ганчIал рукIана КавутIа хуриб, ТIаса авалалда, Маччалъ, Мирзахуралда аскIоб. Гьел бакIазда хIадурун букIана гIезегIанго къадар тIункIилхарил. Жибго АхIулгохIда бан букIана кIудияб мажгит. Мажгиталда сверун рукIана гIисинал рукъзал, гьелда жанисан гурони жанире нух гьечIел. Мажгиталъуб какал рай гуребги, тIобитIулаан гIалимзабазул данделъи. Гьениб букIана имамасул казна, диван-советги, судги, къокъ гьабун абуни, имамасул штаб. АхIулгохI цIунулезул аслияб щулалъилъун букIана жанисан хьвадизе бегьулел, тIад тIокъарал хандакъал (окопал). Гьел рукIана Щулалъул гохIдехун бугеб кIалтIуялдасан байбихьун, КIудияб мажгиталде щвезегIан ва цолъизарун рукIана киналго щулалъабигун. ГIещдерил кинабго жамагIат гочинабун букIана Басрияб АхIулгохIде, гIещдерица гьелда Нух гьечIеб гохIилан абула. Гьеб гохIда букIана рагъуе къваригIарабщинабги, къокъго абуни – тыл. АхIулгохIги Нух гьечIеб гохIги цолъизабун букIана кварил кьоялъ.

**(Ахир 2 гьумералда)**

## 20 январь - ДАССР гIуцIараб къо

20 январалда 96 сон тIубала Дагъистаналъул Автономиягун Советияб Социалистическияб Республика гIуцIаралдаса. Дагъистаналъул АССР гIуцIи букIана нилъер республикаялъул гIемерал гIелазул гIумроялъулъ чIахIиял хиса-басиял ккараб иш.

I92I соналъул 20 январалда гъулбасана АССР гIуцIараб Декреталда. Гьелъ рагьана Дагъистаналъе цIияб этап. Гьеб гьайбатаб лъугьа-бахъиналъ бицуна: I92I соналъул 20 январалда мугIрузулаб Темирхан-Шураялда рагьана Дагъистаналъул депутатазул Чрезвычайнияб съезд. Гьениб Иосиф Сталиница Дагъистаналъул халкъалъе кьуна автономияб ихтияр. Дагъистаналда рукIалиде ккезабуна имам Шамилил заманалда букIараб государственность. Гьеб документалдалъун хIисабалде росана государственниял органазул властальулаб система цебехун бачиналъе аслиял рахъал.

I92I соналъул декабралъул байбихьуда букIана ТIолгодагъистаналъул Советазул Учредительнияб съезд. Гьелъ лъикIаб кьимат кьуна Дагъистаналъул ревкомалъул хIалтIуе ва къабул гьабуна ДАССРалъул органазул хIалтIи бачиналъе киналго рахъал хIисабалде росараб цIияб Конституция. Съездалда бищана Дагъистаналъул Советазул Централияб Исполнительнияб Комитет, халкъал цо лъана Россиялъул составалде.

Гьелъул кумекалдалъун Дагъистаналъул халкъазда кIвана къокъаб заманалда граждан рагъаз биххизарураб росдал магIишат рукIалиде ккезабизе, индустриализация лъул ва коллективизациялъул нухде рачIине. Гьеб букIана экономикияб рахъалъ борхараб, гIемермиллатазул Дагъистаналъул халкъаз чIахIиял бергьенлъаби росараб заман.

**(Ахир 4 гьумералда)**

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 3 (7247)*

*18 январь 2017*

*2 гьумер*

Исана риидал I78 сон тIубала Кавказалъул рагъазул бищунго кIудияб, гIассияв тушманасе бищунго цIикIкIараб ками ккараб АхIулгохIда рагъ ккаралдаса. «АсхIабзаби гъурараб Бадру УхIудалдацин, АхIулгохIда гIадинаб хIалуцараб рагъ ккечIо»,-ян хъван буго цо халкъияб биценазулъ. Гьединаб кIудияб, гIемерав чи гъорлъ гIахьаллъараб рагъ байбихьана I839 соналъул июнь моцIалъул авалалда АхIулгохIда.



# АхIулгохI - нилъер бухIи ва чIухIи

АхIулгохIда сверун ругел рорхалъабазда лъун рукIана имамасул постал. Росулъан рачIунаго тIоцебе батула «ГIарада кьвагьулеб гохI». Гьеб букIана АхIулгохIде ва Нух гьечIеб гохIдехун унеб нух цIунулеб пост. Рагъул байбихьудаго цIикIкIараб къуваталде данде рагъулаго гьениса мюридзаби нахъе къазе ккола. Хадуб тушманас гьеб гохIда гIарадаби лъола ва гьенисан кIиябго гохIде кьвагьдола. ГохI цIуниялъе бищунго кIвар бугеблъун букIуна АхIулгохIде тIаде къулараб, гьелдаса гIезегIанго борхатаб «Щулалъул гохI».

ГохIил тIогьиб букIана кIитIалаяб си,тарихалда жаниб гьелда «Сурхаева башня»,-ян абула. ГохI цIунун букIана мюридзабазул кIудияб къукъаялъ. Цо-цо тIахьазда, баяназда гьенив чанго нусго чи вукIанилан хъвалеб буго, амма гIемерал халкъиял кучIдузулъги цоги-цоги баяналъги гьенив щунусго мюрид вукIанин буго. Мюридзабазе бетIерлъи гьабулеб букIун буго Колоса Сурхайицаги ГIашилтIаса ГIамирханил (Сурхайил) Малачицаги.

Биценазда рекъон Шамил имамасул аскаразул къадар бахунаан гIага-шагарго I700-2000 чиясде. Гьединго гохIда букIана гIешдерил тIолабго жамагIатги. Т1адехун рехсарал баяназе хIужа гьабула гьал халкъиял кочIол мухъаз:

**Рагъул къуват дагьлъидал, росаби чучун ккедал,**
**Чара хварав имамас ГIашилтIе нух бахъана.**
**Рагъул таваккал бугеб гъазаваталъул агьлу,**
**ГIешдерил жамагIатгун гIакълу дандбазе ана.**
**ХIалбихьарал мюридал, цебехъанаб жамагIат,**
**Имамасул вагIзаялъ асир гьарун рукIана.**
**АхIулгохI щула ккелин, Шамил имам кIалъана**
**Щулалъул гохIда чIелин, Малачиги вахъана.**
**КIиябго гохI цIунизе мюридзаби рикьана,**
**Малачил къапилалъул щунусгогIан чи гIуна,**
**Шамилил мюридзаби азарилъан рукIана.**
**ЧIужу-лъималгун херал, Нух гьечIеб гохIде ана.**

Пачаясул аскаразул гьенив I0-I3 азарго чи вукIана байбихьуда, рагъ лъугIизегIан гьенир гIахьаллъарал тушбабазул къадар 30-33 азарго чиясде баханин аби буго. Баяназда рекъон, АхIулгохIда рагъ байбихьула I2 июналда (I839 с.). Цин АхIулгохI бахъилалде, пачаясул аскараз бахъизе кколаан «Щулалъул гохI». Гьединлъидал тушманас тIоцебе гьужум гьабуна Щулалъул гохIалде. Цо чанго къоялъ, чанго нухъалъ цIикIкIараб къуваталдалъун гьужумал гьаруниги, пачаясул аскаразда гьелда квер базе кIоларо. Щулалъул гохIда бугеб хъала (си) цIунараб къукъаялъе бетIерлъи гьабулеб букIана ГIашилтIаса Малачица.

Гьужумазул хIасил кколеб гьечIолъи ва жидерго чIагоял къуватазе кколеб зарал букIин бихьидал, полковник Пуллоца (пачаясул аскаразул бетIер) I8 июналда буюрухъ кьола хъалаялде гIарада базе, амма гьелъулги хIасил кколаро. ТIадеги гIарадабиги цIикIкIинарун, 29 июналъ чанго сагIаталъ гьоркьоса къотIичIого гIарадаги бан, живго полковник Пуллол бетIерлъиялда гьабураб гьужумалъги хIасил кьоларо. Гьеб къоялъ тушманасеги цIикIкIараб зарал ккола: чIвала Моздокалъул полкалъул командир Власов, штабс-капитан Гену ва цогидалги. Гьел хIалуцарал къояз полковник Пуллоца пачаясухъе хъвараб рапорталъул магIна халкъалъ гьадин ахIула:

**Огь, Шамилил гIадатлъи, гIадлуялъул ритIухълъи,**
**Бодулъ мюридзабазул имамасе ритIухълъи!**
**АхIулгохIил гьитIинлъи, доб къавмалъул щулалъи**
**Лъимер бачун чIужуцин чIола гуллида цере.**

Щуабилеб июлалда Кабардинаялъул, Апшероналъул ва Кюриялъул полказул тIаса бищараб кIудияб къукъа гьужумалъ уна Щулалъул гохтIе. Цин цебе тIубараб къоялъ анцIгогIанисеб гIарада кьвагьула. ТIубараб къоялъ гIарада баялъ цIикIкIараб зарал ккана хъала цIунулезе. Лъукъарав Малачигун гьезул нахъе хутIула анкьгояв. Цинги Малачица Шамилихъе чи витIула кумекилан. Шамилидасан кумек щоларо, гьес Малачида лъазабула ахиралде щвезегIан щулалъи цIунейилан.

Малачица цадахъ рукIарал АхIулгохIде ритIула ва живго хъалаялъув хутIула. Гьеб къоялъул къасиялдехун рагъул хIасил цIехезе Шамилица витIула ГIашилтIаса КаримухIамадгIали. Гьесда дандчIвала хъала цIунун рукIаразул нахъе хутIарал, захIматго лъукъаразул гьитIинаб къукъа. Гьез бицуна живго Малачи цIа рекIун вухIулев танин, жалги гьес Шамилихъе АхIулгохIде ритIанилан.

25 къоялъ гьитIинабго мюридзабазул къокъаялъ дандечIей гьабуна ва цIикIкIарал камиял ккезаруна анцI-анцI нухалъ жидедаса цIикIкIараб къуват бугел тушманасе. Щулалъул гохI бахъун хадуб пачаясул аскаразул рохалие гIорхъи букIинчIо. Гьале Щулалъул гохIалъул ахириял сагIтазул гьитIинабго халкъияб бицен:

**Живго Малачи вуго**
**ГохIил ганчIида нахъа,**
**Бахъун кодоб хвалченгун**
**Гъазаваталъе къачIан.**
**ХIадурго вуго гьалбацI**
**Щибго нахъе къачIого,**
**БацIцIадаб гъазаватгун**
**ГохIда шагьидлъун хвезе.**
**Цинги капурзабазул**
**Кутакаб рохел буго**
**Квер базе кIолареб гохI**
**Щванин кодобе,-абун.**
**ГохIил тIогьиб гIуж базе**
**ГIедегIулел руго ал,**
**Гьениб гъарайдуй чIараб**
**ГъалбацIги лъаларого.**
**ТIоцере тIаде щварал**
**Лъабго мунапикъасул,**
**Горболъ бараб хвалчаца**
**БутIрул ракьде роргана.**
**Хадуб тIаде кIанцIарал**
**Щугоясда ругъун лъун,**
**Гьезул цо имансирас**
**Малачида цIа лъуна.**
**Кислел тIаде щварабго**
**ЦIа гьалаглъун рекIана,**
**ЦIадул хIал бергьинегIан**
**Хвалчен асги чIун течIо.**
**ЦIаялъ вухIун хвезегIан**
**Хвалчадул гIоркь биччачIев,**
**Алжаналъул тахида**
**Таги лачен, Малачи!**

Щулалъул гохI бахъун хадуб пачаясул аскараз кинабго къуват буссинабуна АхIулгохIалде. Гьебго заманалда тушманасе кумекги щола: полковник Врангель ва гьесул кIудияб аскар бачIуна, амма Шамилие кумек щоларо. Кисанго нухал къан рукIуна пачаялъулаз. Щулалъул гохI бахъун хадубги, 55 къоялъ халат бахъана АхIулгохIда рагъ.

ЦIикIкIарал камиял ккolел рукIана пачаясул аскаразе, амма камиязухъ балагьичIого гьел цере унел рукIана. Биценазда руго цо къоялъ пачаясе щуазарго рагъухъан камунилан, камиял ккolел рукIана гохI цIунаразеги. Гьеб гуребги цIакъго захIмалъи букIана кванил, лъел рахъалъги. Амма АхIулгохI цIунулел къуркьулел рукIинчIо. Гьезие мисаллъун вукIана имам Шамил. Къарахъа МухIамадтIагьирица хъвалеб буго: «ахирияб заманалда сверун ккуразул захIматаб хIал букIана. ГIурусаз лъабго къоялъ тIатIала гIарада бана, сиял риххизарун рукIана. Рукъзал хIурде руссинарун рукIана. Квен, макьу, лъим, хIухьбахъи гьечIолъиялъ, хIалуцарал ра гъул гIумроялъул гIазабалда ругезул цIикIкIарисеб бутIаялъ жидерго гIумро цIунулеб букIинчIо. Гье лъул къимат, магIна тIагIун букIана, хвалихъ, анищав гьоболасухъ гIадин, балагьун рукIана. Шамил гьезда гьоркьов батIияв вукIинчIо. Гьев ургъулев, хIалтIулев, лъугьунеб бугелъул кIудияб асаралда гъоркь вукIана, киназдасаго сваканги вукIана. Жиндиего ва жиндиразего гIоло гурев, гIаммаб ишалъе гIоло»,-ян.

I7 августалда пачаясул аскараз байбихьула лъабго колона гьабун иргадулаб гьужумалде. Гьелдаса хадуб АхIулгохI цIунулезул хIал тIадеги захIмалъула. ГохIил рагIалда ругел хандакъал тушманас рахъула. Амма мюридал къуркьуларо. Мюридазда хьолбохъ чIун бахIарчилъиялда ра гъулел рукIана гIешдерил руччабиги. ЧIварав росасул ярагъ лъадуца, вацасул яццалъ босулаан ва кIудияб таваккалгун рагъулъе журалаан. ГIешдерил руччабазул бахIарчилъи бихьидал, жалго тушбабигицин хIайранлъулаан. ГIурусазул историкас гьезул хIакъалъулъ гьадин хъвалеб буго: «руччабиги лъималги хунжрулгун, ганчIалгун тункIил хучдузде тIаде кIанцIулел рукIана, улбуз жидерго лъимал кверaз гъанкъун кIкIалахъе рехулел рукIана, гIурусазухъе щоларедухъ»,-абун. Живго Шамилида цо нухалъ гуро ракIалде щвараб гIешдерил руччабазул бахIарчилъи. Ахирияб рагъул къоялъ Гъуниб магIарда тушманасухъе кверде ине ккедал гьес абун буго: «Жакъа 50 ГIашилтIаса чIужугIадан йикIараяни, иш батIияса ккезе букIана»,-ян.

I8 августалда полковник Пуллоца Шамил ракълил хабаралде дандчIвазе ахIула. I9 августалда гIешдерил кIиябго лъарал журалел бакIалде, кIудияб ганчIида аскIор дандчIвала имам Шамилги Пуллоги. Гьеб дандчIваялда вукIарав Пулло цIунулезул цояс хъвалеб буго: «имамасда сверун чIун рукIана гIолохъанал, жеги михъида хIур чIвачIел, сахал гIолохъаби»,-абун. Гьединги имамасул гIакълудал кIодолъи бихьуларищ, тушманасда жиндирго мюридзабазул хIал лъазе телaредухъ (гьел гIемерисел лъукъун, ракъун, къечон рукIиндал) гьес цадахъ рачун руго бихьиназул ретIелги ретIун гIолохъанал ясал. Гьеб хIужаялъги бихьизабулеб буго Шамилил гIешдерил руччабазде бук1араб мугъчIвай. КIудияб ганчIида аскIоб букIараб гара-чIвариялдаса хадуб Шамилица жиндирго микьго сон барав вас Жамалудин аманаталъе кьезе ккола.

Ахирисеб гьужум пачаясул аскараз байбихьула 2I августалда. Жидеего цIикIкIараб ками ккея лъухъ балагьичIого гьел гохIде рахуна ва АхIулгохIда байбихьула кверзул, зарул рагъ. Гьел ахирисел къояз имам чанги сверула гохIда, тIаде балеб, речIчIулел гулбузда гъоркь. Гьес Аллагьасда гьарулеб букIана жив духъе вачейилан. Амма Шамил гуллица восуларо. 29 августалде щвезегIан рагъула гохI цIунарал. ГохI цIунулезда гьоркьор рукIана гIемер батIи-батIиял бакIаздаса мюридзаби. Гьездаго гьоркьор бахIарчиго рагъана ГIашилтIаса Дарбишилав, КаримухIамадгIали, НургIали, Нуцалай, Узу, Хандадай ва гIемерал цогидалги. Шамилие камуна бищунго цересел чагIи: лъади Жавгьарат, вас СагIид, яц ПатIимат.

22 августалда кIудиял рагъал ккола КIудияб мажгиталда сверухъ. Гьений ягъулей йикIана ПатIиматги. Пачаясулазда лъала гьений ягъулей Шамилил яц йикIин ва имам кодове щвечIолъиялдаса ццидалъ ругел тушбабаз хIаракат бахъулеб букIана гьей чIаго кверде йосизе. ГIурусазул къасд бихьарал мюридзаби ПатIиматиде цере кIанцIун рагъизе лъугьуна. Гьедин рагъулаго гьел кьурул рагIалде щола. Мюридзабиги гъурун, жийго хутIарай ПатIимат кьурул рагIалдеги къан, бадибе кIазги бачун, ГIанди гIурулъе кIанцIула. Гьебго къоялъ Шамил 30 мюридгун АхIулгохIдаса Нух гьечIеб гохIдеги рахун, гьенисан гIурухъеги лъугьун, цадахъ щуго сон барав вас ГъазимухIамадгун Салаватиялдасан Чачаналдехун уна жеги 20 соналъ Кавказалъул эркенлъиялъе гIоло рагъуе бетIерлъи гьабизе. АхIулгохI толеб къоялъ имамас абун буго:

**Баркала гIешдерил гохIал,**
**ГохIал цIурал гъазизаби,**
**Баркала гIешдерил ракь,**
**Имамасул Истамбул!**

Жеги 29 августалде щвезегIан къотIичIо гохIда кьвагьа-гIанхъи. Жидеда дагьабниги канлъи бихьулел мюридзаби рукIана нохъазда рахчун тушманасде кьвагьдолел.

Рагъул кIудияб захIмат ва гIадамазул камиял тIаде ккола гIешдерил жамагIаталде. Росу тIубанго бихъун, ахал-хурзал чIунтун, лъугIун рукIана. Рагъ байбихьилалде 500 цIараки букIараб росулъ рагъдаса хадуб анкьго рукъалъул тIаладухъан гурони кIкIуй баккулароан. ГIемерисел гохIда чIвана, хвана, чIаго хутIарал Россиялде, Сибиралде рачун ана.

Ахирияб заманалда жиб-жиб соналъ Имаматалъул тIоцебесеб тахшагьар ГIашилтIа росулъ тIоритIула АхIулгохIда рагъарал, чIварал ракIалде щвеялъул мажлис-данделъаби. ТIоцебе гьелъие къучI лъурав, жиндир мунагьал чураяв ХIамзатов ГIумарие (I994 соналъул 4 июнь) ракI-ракIалъулаб баркала кьола гIешдерил жамагIаталъ.

Халид МУХIАМАДОВ.

**В районе всего 36 образовательных организаций, из которых 15 школ, 13 детских садов и 8 учреждений дополнительного образования. В школах охвачено 3316 детей, в садах – 1501 ребенок. А в учреждениях дополнительного образования 2438.**



Лабазан Магомедалиев:

# Главная цель - работать еще лучше

***Итоговое интервью с начальником образования МО «Унцукульский район» Л. Магомедалиевым***

*Лабазан Магомедалиев: «Работа в образовательных учреждениях района кипит, и подтверждение этому – высокие результаты, победы и награды»*

*Система образования – одна из самых важных, нужных и динамично*



*развивающихся сфер жизнедеятельности Унцукульского района. Тот факт, что качество образовательного процесса в нашем районе повышается из года в год, был отмечен и на республиканском уровне: Министерство образования и науки РД отметил Унцукульский район в тройке лидеров по качеству образования среди муниципалитетов. И несмотря на то, что учебный год не ограничивается рамками одного календарного года, мы решили узнать, как прошел 2016 год для отдела образования Унцукульского района, какими достижениями можно гордиться и какие остались проблемы и нерешенные задачи. Об этом и многом другом в итоговом интервью нашей информационной службе рассказал начальник отдела образования Унцукульского района Магомедалиев Лабазан Магомедалиевич.*

**- Лабазан Магомедалиевич, расскажите, чем Вам запомнился уходящий год? Какими достижениями можете похвастаться и какие остались проблемы и нерешенные задачи?**

- Я хочу рассказать об итогах 2015-2016 учебного года, которыми мы очень довольны. По сравнению с предыдущим учебным годом этот год прошел очень хорошо, мы сдавали ЕГЭ, результаты которого нас очень порадовали. Если в прошлом году сдать ЕГЭ и получить аттестаты смогли 53 % учащихся района, то в этом году результат составил 76%. И все это благодаря тому, что глава района Иса Магомедович поставил перед нами вопрос повышения качества образовательного процесса ребром. Он сказал, что показатели низкие, а значит, мы не работаем. Мы собрались, сделали все возможное, чтобы доказать обратное, и вот результаты. 86% сдали ЕГЭ по русскому языку. По математике показатели чуть ниже – 72 %, но это тоже неплохой результат. И это – в условиях тотальной строгости на экзамене. Мы сделали все возможное, чтобы экзамены проходили максимально прозрачно, честно, чисто. Увеличилось и количество медалистов, в этом году их было 23!

**- По основным предметам результаты действительно очень хорошие. А как обстоят дела с другими предметами? Ведь они тоже не менее важны для выпускников при поступлении в ВУЗы?**

- А вот по остальным предметам, таким как обществознание, физика, информатика, надо подтягиваться, есть еще над чем работать. Поскольку по основным предметам получилось значительно улучшить показатели сдачи ЕГЭ, мы теперь ставим такую же задачу и перед другими предметниками.

**- На совещаниях в районной администрации не раз подчеркивалось, что необходимо улучшать качество дополнительного образования в районе. Как Вы оцениваете работу учреждений дополнительного образования?**

- Для начала скажу, что в районе всего 36 образовательных организаций, из которых 15 школ, 13 детских садов и 8 учреждений дополнительного образования. В школах охвачено 3316 детей, в садах – 1501 ребенок. А в учреждениях дополнительного образования 2438. И может, кому-то и кажется, что охвачено мало детей, но надо учесть, что некоторые дети посещают сразу несколько кружков и другие моменты. В целом, скажу, что мы сами не раз думали над этим вопросом. Ведь по республике на данный момент в нашем районе, наверное, самое большое количество таких учреждений дополнительного образования. И сокращать их – это означает, что люди, которые отдали годы своей жизни этому виду деятельности, останутся без работы. В этом году проводилась и аттестация руководителей организаций. В целом, хочу сказать, что эти организации на самом деле работают, свидетельством чему служат высокие результаты, победы и достижения не только на республиканских конкурсах, но и на Всероссийских! К примеру, первое место во Всероссийском конкурсе «Юный краевед» занял ученик 10 класса, воспитанник Гимринского Дома детского творчества Басир Магомедов. Он же занял первое место в республиканском конкурсе «Юный краевед» и в фотоконкурсе «Охраняемые животные Дагестана». В конкурсе «Шаг в будущее» выиграли воспитанники Шамилькалинского ДДТ, которым руководит Магомедали Абдурахманов. Воспитанники этого же Дома детского творчества заняли третье место в номинации «Фольклорный танец» в конкурсе «Очаг мой родной - Дагестан». Участвовали воспитанники учреждений дополнительного образования в различных выставках, мероприятиях, форумах. Хорошие результаты и у спортивных школ района. Воспитанники спортшкол Гимры и Шамилькалы стали призерами по кикбоксингу и тайскому боксу не только по республике, но и по России! Тренер – Исмаил Кадиев. Также призовые места получили на турнирах и воспитанники спортшколы Унцукуля, которых тренерует Гаджимагомедов Вугамали. Балаханская спортшкола также воспитала ученика, который занял второе место на турнире Министерства образования РД по теннису. Поэтому с уверенностью могу сказать, что все работают хорошо. Если бы не так, нас не отметили бы и на республиканском уровне. Не наградили бы нас с Исой Магомедовичем Грамотами за активное содействие в развитии системы образования Унцукульского района. Сейчас мы работаем и над вопросом повышения зарплат педагогам дополнительного образования. Но это все еще остается сложным вопросом.

**- Какие образовательные учреждения района Вы можете выделить, как наиболее успешные, и какие, наоборот, не дотягивают до нужного уровня?**

- Среди школ, показавших хорошие результаты в этом году, могу выделить Унцукульскую среднюю школу №1, УСОШ №2, Ашильтинскую школу, Шамилькалинскую СОШ. Это я имею ввиду их результат деятельности по результатам ЕГЭ по русскому языку. Плохие результаты в Ирганае – ЕГЭ по русскому языку сдали лишь 59 %. В Балахани 63%, в Зирани – 68. Что касается математики, то в Араканской и Гимринской школах ее сдали лишь по 33% выпускников. Но если говорить в целом, то по результатам ЕГЭ намного лучше стала Зиранинская школа. Но это не значит, что там все хорошо. Там много проблем. Работа улучшилась в Ирганайской школе благодаря новому директору. Вообще хочу отметить, что во многих школах района новые руководители, благодаря которым улучшился образовательный процесс в школах. Так, могу отметить селения Ирганай, Ашильта, Кахабросо. Новых работников принимаем исключительно на конкурсной основе, аттестационной комиссией руководит заместитель главы района Муи Гасанова.

**- Были ли построены новые объекты в 2016 году?**

- К сожалению, нет. Работаем над тем, чтобы завершить все начатое. Единственное, чем можем гордиться, это строительство нового Гимринского поселкового садика, за что огромное спасибо Исе Нурмагомедову и всем, кто содействовал в его строительстве. Также хочу отметить, что в Шамилькалинскую школу была приобретена информационная техника на сумму 1 миллион 47 тысяч рублей для приобретения оборудования, которое позволит проводить ЕГЭ на новом уровне и получать задания и отправлять ответы прямо из аудитории. На данный момент только 22 муниципалитета в Дагестане располагают такой возможностью.

**- Сейчас по всей стране и по республике проводятся различные мероприятия по проверке знаний и уровня подготовки самих педагогов. Каковы их итоги в нашем районе?**

- Могу сказать, что качеством работы наших педагогов я доволен. Так, 47 педагогов получили категорию, из них 24 человека – первую, 23 – высшую. Звание «Заслуженный работник образования РФ» получили 10 человек, один педагог удостоен Почетной Грамоты РФ. Наши педагоги проявили себя и на олимпиадах среди учителей, где заняли достойные места по разным предметам. Так, первое место по району и четвертое по республике в олимпиаде по русскому языку заняла Загулиева Халимат из селения Гимры. Учительница УСОШ№2 Абдулазизова Патимат участвовала на зональном этапе республиканского конкурса.

**- Наверное, не менее успешно проявили себя на олимпиадах и сами ученики?**

- Конечно. Всего олимпиадами было охвачено 705 учащихся 7-11 классов. Из 35 победителей 12 – из Шамилькалинской СОШ. 9 являются учащимися УСОШ №1, 6 из Гимры. Ученица УСОШ №1 Абдулхаликова Хадижат заняла второе место в республиканской олимпиаде на знание Конституций РФ и РД. Она же победила на республиканской олимпиаде по родному языку. Хадижат Абдулхаликова из Унцукуля и вышеупомянутый Магомедов Басир из селения Гимры стали получателями грантов Президента РФ на поддержку талантливых детей! Ученица 10 класса УСОШ №1 Малламагомедова Аминат получила третье место в республиканской олимпиаде по русской литературе. Магомедалиева Хадижат из Шамилькалы завоевала третье место на республиканской олимпиаде по физкультуре. Вообще хочу отметить, что информационный методцентр нашего района проводит большую работу по выявлению и поддержке талантливой молодежи среди учащихся школ. Заранее прошу прощения у всех, кого не перечислил. Также хочу отметить, что, как и по всей республике, в нашем районе проводится мониторинг качества образования школьников. Правда, там есть технические сбои, которые создают определенные трудности в подведении результатов.

**- Какие планы ставите перед собой в новом году?**

- Главная цель – работать еще лучше! Это главное. А так, планируем приобрести новые маршрутки для Кахабросинской и Балаханской школ, в этом году приобрели для Ашильтинской СОШ. Ирганайской школе будет приобретен автобус.

**- Сейчас все говорят о том, что образование станет платным. И многих это возмущает. Что скажете Вы?**

- Могу заверить всех, что в планах на ближайшее время никаких изменений в этом вопросе не намечается. Образование будет бесплатным.

**- И напоследок, Ваши пожелания к Новому году!**

- Хочу от души поблагодарить все коллективы, которые прилагают немалые усилия для развития и процветания образовательного процесса в районе. Поздравляю с наступающим Новым годом педагогов района, всех жителей, маленьких, взрослых. Желаю всем Вам счастья, здоровья. Пусть ваши дети и ученики Вас всегда радуют!

**МБУ ЕИС Унцукульский район**

# 20 январь - ДАССР гIуцIараб къо




Рана цIиял заводал ва фабрикал, гьел хьезаруна оборудованиязда лъун, техникаялда лъун, рукIалиде ккезаруна цере рукIарал предприятиял, цIилъизаруна росаби. ЦебетIей ккана гIелмуялъулъ, культураялъулъ, искусства лъулъ ва гIун бачIана националияб интеллигенция. Къокъаб заманалда рукIалиде ккезабуна халкъияб магIишат, социалиябгун культурияб рахъалъ цIилъана Дагъистан. Дагъистан АССРалъул заманаялъ гIуцIана 30 ялдаса цIикIкIун цIиял бутIаби: химическияб, строительнияб ва гь. ц.

Аслияб этаплъун Дагъистаналъе ккола 90 абилел сонал. Гьел соназ биххана СССР. Гьеб биххулагоги Дагъистаналъ жиндирго гIакълу хIалтIизабуна. Араб 95 соназ лъугьана щулияб экономикияб, культурияб цогидалги аспектазда цIикIкIараб цебетIей.

## Квачалъул унтабазде данде

*Квачалъул унтиялъул гIаламатал раккигун, цо стакан ламадуралъул сокалъул гьабила. Гьелде ччухIун гъорлъе жубала 4-5 гожо ражидул. Гьелъул бащда-бащдаб стакан гьекъела къойида жаниб лъабго-ункъго нухалъ, кваналалде 30-40- минуталъ цебе.

*Поролги ражидулги 250 грамм гIиссин гьабун бусина. Гьелда тIаде тIела гIаракъидул цо литр. 2 анкьалъ, цIарагIалъул кIалги къан, рукъалъул температура бугеб бецIаб бакIалда лъун тела. Зама-заманалдасан хвалчезабила. 2 анкьидасан лъамалъи цIвила. Гьеб гьекъезе бегьула гриппалъ унтунгутIиялъеги, нагагь унтани сах гьаризеги. Гьекъела къойида жаниб лъабго-ункъго нухалъ, кваналалде цебе I5-20 къатIра.

*Гьоркьохъеб пер теркаялъ хачала. Гьелда тIаде тIела гьалараб рахьдал бащдаб литр. Къого минуталъ хинаб бакIалда тела ва цIвила. Гьелъул цояб бащалъи бухIилаго гьекъела, къаси регилалде цебе, цогидаб бащалъи – радал. Гьекъезе ккола 3-4 къоялъ.

*ХIур гIадин хъурараб михикI гьоцIогун жубазабила. Гьелъул цо-цо чайдул гъуд къойида жаниб 3-4 нухалъ, кванда хадуб кIиго сагIаталдасан квина.

## РасулхIажиев МухIамадгIали НурмухIамадович



РасулхIажиев МухIамадгIали НурмухIамадович гьавуна I958 соналда Унсоколо районалъул Унсоколо росулъ хъулухъчиясул хъизамалда. I975 соналда лъугIана гьоркьохъеб школа ва гьебго соналъ МахIачхъалаялъул автошкола. I976-I978 соназда хъулухъ гьабуна Советияб Армиялда. ХIалтIана «Унсоколо» совхоза лъул, консервазул цехалъул, районалъул лъай кьеялъул управлениялъул, «ЧIикIаб-ГЭСстроялъул» шоферлъун. Ахириял саназда МухIамадгIали шоферлъун хIалтIулев вукIана Шамильхъалаялъул ЖКХя лъул МУПалъул, гьединго «Унсоколо район» МОялъул ОМ СКХялъул водительлъун.

Кив хIалтIулев вугониги МухIамадгIали РасулхIажиев вукIана ракI бацIцIадав, камилаб хIалтIул, цадахъ ругезулгун хIал рекъезабулев инсан.

«Унсоколо район» МОялъул ОМСКХялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго

**МухIамадгIали**

халат бахъараб унтудаса хадув Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьесул хъизаналда, лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги!

Районалъул «Ахихъан» газеталъул редакциялъул х1алт1ухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго РасулхIажиев **МухIамадгIали** халат бахъараб унтудаса хадув къадаралде швеялда бан, гьесул хъизан-лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда .

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго **ХIамзатова Калимат** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, яццазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Информация

# Мы будем вынуждены приостановить...

Управление социальной защиты населения в МО «Унцукульский район» информирует о том, что постановлением Правительства РД от 2 декабря 2016 года № 374 «О внесении изменений в некоторые постановления правительства РД» внесены изменения в Порядок осуществления ежемесячной денежной выплаты по оплате жилого помещения и коммунальных услуг (ЕДВ по ЖКУ) отдельным категориям граждан, в т.ч. и многодетным семьям.

Так, в дальнейшем меры социальной поддержки будут предоставляться только тем многодетным семьям, среднедушевой доход которых ниже прожиточного минимума, установленного в РД и за которыми не имеется задолженности по потребленным коммунальным услугам.

В связи с вышеизложенным, многодетным семьям-получателям ЕДВ по ЖКУ, необходимо в течение января 2017 года представить в УСЗН сведения о доходах семьи и справку об отсутствии задолженности по коммунальным услугам (электроэнергия), в противном случае мы будем вынуждены приостановить им выплаты с 1 февраля 2017года.

Телефон для справок: **55-64-83; 55-64-19**

**УСЗН в МО «Унцукульский район»**

# *Знать, чтобы предупреждать*

(Бруцеллез)



Бруцеллез – инфекционная болезнь как сельскохозяйственных животных, так и многих диких. Болеет и человек. Болезнь протекает бессимптомно, основным признаком являются у коров – аборты во второй половине беременности, задержание последа, что может привести к бесплодию. У овец и коз аборты бывают на 4-5 месяце суягности, их так же отличает задержание последа. Возможен паралич задних конечностей. Основным источником инфекции являются больные животные и бруцеллоносители. Возбудитель может передаваться с молоком, мочой, калом, кормами, водой, а также через предметы ухода и при прямом контакте. Для каждого вида животных характерен свой вид бактерий, но возможно заражение и другим видом, но в итоге это приводит к биологическому тупику. То есть болезнь не получает дальнейшего распространения. Основой профилактики болезни является охрана хозяйства от заноса возбудителя инфекции. Поступающих животных выдерживают 30 дней в карантине и проводят контрольное обследование на бруцеллез. Подозрительных животных изолируют и проводят серологическое обследование. При установлении бруцеллеза больных животных отправляют на убой, а давших отрицательную реакцию – прививают. Владельцам животных следует с пониманием относиться к требованиям ветслужбы, ведь болезнь легче предупредить, чем устранить. Запрещается ввоз животных из других районов, не исследованных на бруцеллез. К сожалению, средств лечения пока не разработано. В Республике Дагестан данное заболевание встречается во многих районах. Крупный рогатый скот при заболевании подлежит убою, мясо возможно использовать для личных нужд, а мелкий рогатый скот при положительной реакции на бруцеллез при выявлении изменений при вскрытии подлежит утилизации. Компенсация со стороны государства при этом не предусмотрена.

**Муслимов Ш.М**
**Госинспектор Управления**
**Россельхознадзора по РД**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация**
**Унцукульского района**

**Главный редактор**
**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**пос. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**

**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 1 . 17. 17 г. 18. 40
фактически -18. 30 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.